

# Eske ou te Viktim Epidemi Kolera a an Ayiti? Ann cheche jistis!

*Epidemi kolera a ap kontinye fe ravaj an Ayiti, li gen tan touye plis pase 8,000 moun, e plis pase 650,000 Ayisyen gen tan trape maladi a. Prè yo montre byen klè ke Nasyonzini te pote maladi kolera a paske yo te neglijan lè yo t ap dechaje matye fekal nan pi gwo rivye an Ayiti (L'Artibonite). Nasyonzini refize pran responsablite'l.*

N'ap travay ak viktim epidemi kolera yo (moun ki te viktim, oubyen moun ki te genyen fanmi ki te viktim) pou jwenn dedomajman pou viktim yo oubyen fanmi viktim. Nou fè pàti yon rezo ki gen anpil gwoup debaz Ayisyen yo, lidè kominote yo, dyaspora Ayisyen yo nan Etazini, syantifik, profesyonel de sante, ak manb kongre ameriken yo. Ansanm, n'ap mande pou jistis pou viktim kolera yo.

## Eske ou te viktim oubyen youn nan fanmi w te viktim kolera an Ayiti?

N'ap prepare nou pou mennen Nasyonzini devann yon tribinal Ameriken. Pou fe sa, n'ap cheche kliyan **ki rete ozetazini**, ak

1) **ki te viktim direkteman** oubyen

2) **ki gen yon pwòch fanmi ki mouri nan kolera**

Si ou menm oubyen nenpòt nan moun ou konnen te viktim kolera ak ta renmen pote plent nan dosye sa, sivouplè kontakte nou nan email: [kolera@ijdh.org](mailto:kolera@ijdh.org); oubyen rele nou nan nimewo: **347-770-1008** pou yon konvèsasyon konfidansyèl

### Kiyès Nou Ye

*Bureau des Avocats Internationaux (BAI)* se pi gwo kabine avoka enterè piblik en Ayiti. Depi 1995, BAI gen tan mennen plizyè ka dwa moun, antrene avoka yo, ak fe anpil pledwaye sou pwoblem nan lajistis, enjistis sosyal, ak sityasyon dwa moun an Ayiti. Enstiti pou Jistis ak Demokrasi an Ayiti (IJDH) te fonde an 2004 pou sipote travay BAI. Nan objektif sa a, IJDH bay enfomasyon konsènan dwa moun Ayiti, fe pwosè nan tribinal entenasyonal, e travay ansanm avek gwoup solidarite an Ayiti e lòt bò dlo. An Novanm 2011, BAI ak IJDH te pòte plent nan non 5,000 viktim kolera an Ayiti k'ap cheche jistis devan Nasyonzini. An Fevriye 2013, Nasyonzini te refize pou resevwa plent yo. Refi sa louvri lòt pòt pou lòt pwosè legal nan ozetazini e lot peyi.

**Iminite pa vle di enpinite!**

Pou plis enfomasyon vizite [www.haitijustice.org](http://www.haitijustice.org).

Institute for Justice & Democracy in Haiti | 666 Dorchester Ave., Boston MA 02127

IJDH ATTORNEY ADVERTISING